Satengahing margi lampahipun Kunjarakarna kepapag lan barisaning Korawa ingkang tinindhihan dening Prabu Basukarna. Sasampunipun sapa-sinapan, bencenging rembag tuwuh udreg rame arehat margi, temahanipun dados prang. Cucuking lampah barisaning Korawa sang Kartawarma kaseser, makaten ugi sang Haswatama, Dursasana lan sanes-sanesipun tetela boten kuwawa angungguli amukipun Kunjarakarna. Wusana sang Basukarna ngedali palagan, boten talompe angunus ponang warastra sanjata Kunta, sigra tinamakaken, parandene meksa cabar, awit Kunjarakarna sajakipun sampun menter saking sakathahing dedamel. Amukipun malah saya nggegirisi, temahan barisaning Korawa bubar salang tunjang atilar glanggang colong playu.

Kunjarakarna anglajengaken lampah tumuju dhateng ardi Mahendra.

Kocap dumugi prapatan Repatkepanasan lajeng bingung, boten sumerep pundi marginipun dhateng Yomani. Dumadakan kesaru praptanipun Bathara Wrahaspati, utusanipun Bathara Guru, amrepegi Kunjarakarna saperlu anedahaken margi ingkang kedah dipun-anut.

Sasampunipun suka panuwun, Kunjarakarna lajeng pamit anglajengaken lampah anut pitedahipun Wrahaspati.

4. ADEGAN ING YOMANI

Bathara Yamadipati, dewaning antaka ingkang angratoni kahyangan Yomani, manggihi sowanipun sang Kunjarakarna. Sang Bathara sampun boten kekilapan dhateng kajenging piwowanipun Kunjarakarna, mila lajeng anedahaken sakathahing isen-isen naraka papan pasiksanipun para sukma ingkang nandhang dosa duk gesangipun nguni ing arcapada. Baka satunggal kasulangaken sadaya ubarampening pasiksan: wujud, sesipatan sarta pigunanipun, sumawana patrap tumindaking pasiksan ingkang tumanduk dhateng para dedosan. Ing antawisipun wonten papan pasiksaan ingkang dipun-wastani "api jahanam", minangka penyucening sukma ingkang kadosan. Sasampunipun dipun suceni ing "api jahanam" wau, ponang sukma lajeng kagiling ing ardi "gilingan waja". Remukanipun kasebar ing arcapada, sinung nyawa temahan gesang malih awujud kewan gegremetan jinising wrejit, uler lintah sapanunggilanipun. Tumimbal lair candhakipun dados sabang-saning iwen, marga sato, ewon taun laminipun, lajeng wangsul malih dados janma sarwa ina. Salaminipun dados janma malih,

yen gesangipun saged nengenaken dhateng kautamen, tumimbaling lair candhakipun dados tiyang mulya, mukti wibawa utawi tiyang suci, temahan ginadhang nggayuh kanirwanan. Kosokwangsulipun yen gesangipun kalimput ing kanapson linepetan ing dosa, mangsuli duskartinipun ingkang sampun, inggih lajeng lumebet ing naraka malih anglampahi pasiksan sarta kasangsaran kados ingkang sampun-sampun.

Nanggapi pitakenipun Kunjarakarna dene wonten kawah ingkang saweg dipun-samektakaken, Bathara Yamadipati sajarwa, yen kawah wau dipun-wastani "kawah Candradimuka", ugi sinebut "tambra gomuka" utawi "kenceng naraka". Ing samangke kasamektakaken kangge ngukum Bathara Purnawijaya minangka tebusaning dosanipun. Bathara Purnawijaya inggih Prabu Kiritin, ingkang sapunika angratoni karang widadaren kahyangan Tinjomaya, yektinipun boten sanes kajawi Raden Arjuna, panengahing Pandhawa, ingkang sakawit sampun kasil numpes yaksaraja Manikmantaka Prabu Niwatakawaca ingkang adamel risaking Suralaya duking nguni. Awit saking lelabuhanipun wau Arjuna winisudha sarta winiwaha angratoni kahyangan Tinjomaya anggarwa lan Dewi Supraba sarta widadari nenem sanesipun, nanging kawangen salebeting 7 dinten 7 dalu. Wusana ngantos 7 wulan Tinjomaya dereng kawangsulaken, kanthi makaten Arjuna lajeng nerak pepancening Dewa. Kangge nebus dosanipun wau, Arjuna badhe pinatrapan pidana siniksa ing kawah satus taun dangunipun.

Sakalangkung kaget sang Kunjarakarna mireng pawartos wau, lajeng aminta palilahipun sang Bathara badhe anuweni sarta angengetaken sang Purnawijaya dhateng dosanipun wau. Awit Kunjarakarna sampun tepang sanget kaliyan sang Purnawijaya inggih sang Arjuna, saking sasambetanipun kaliyan Nata Paranggelung Prabu Palgunadi.

Yamadipati boten kawratan, Kunjarakarna sampun kalilan, agahan minta pamit lajeng bablas sumedya amanggihi sang Purnawijaya ing kahyangan Tinjomaya.

5. ADEGAN KAHYANGAN TINJOMAYA

Raden Arjuna, ingkang samangke ajejuluk Prabu Kritin inggih Bathara Purnawijaya, saweg asuka langen cangkrama lan ingkang garwa widadari kapitu, kesaru sowanipun Kunjarakarna.

Sasampunipun bage-binage ing karaharjan, Kunjarakarna lajeng apratela mentas saking kahyanganipun Bathara Yamadipati ing Yomani. Ing ngriku mireng kabar saking Bathara Yamadipati piyambak, bilih sang Purnawijaya cinadhangaken lumebet ing naraka, nampi pidana kasiksa ing kawah Candradimuka. Ingkang makaten wau awit sang Purnawijaya sampun nerak wewalering Jawata, ingkang mesthinipun kawangen 7 dinten 7 dalu, temahan ngantos 7 wulan taksih cumondhok ing Tinjomaya.

Bathara Purnawijaya sakalangkung kaget, boten andugi babar pisan yen badhe kapandukan pidana awrat salebeting naraka awit saking kalepyanipun, temah dangu anjenger boten saged angandika. Para garwa sami nangis angrubyung sang Purnawijaya, sai aparsetya boten badhe pisah lan kakung, nadyan lumbebet ing kawah Candradimuka pisan badhe ndherek sabaya pejah.

Wusana Kunjarakarna lajeng anjurungaken, supados Purnawijaya puruhitaa dhateng Bathara Buda Werocana ing pratapan Budicipta, mbokmanawi wonten parimarmanipun sang Bathara paring pangampunan sarta rinuwat saking dosanipun.

Pikantuk wewenagn margining hayu, sang Purnawijaya cumeplong raosing galih, gita nayogyani panjurungipun Kunjarakarna, wusana gegancangan sami sareng bidhal sowan dhateng Bathara Buda Werocana ing pratapan Budicipta.

Pathet Sanga

6. ADEGAN PRATAPAN WUKIRATAWU

Ing pratapan Wukiratawu inggih ing Saptaarga, Begawan Abyasa Kresnadwipayana nampi sowanipun ingkang wayah buyut Raden Abimanyu, kadherekaken parepat panakawan Ki Lurah Semar, Nala Gareng, Petruk tuwin Bagong.

Abimanyu ngaturaken bab murcanipun ingkang rama Raden Arjuna ingkang watawis sampun sawarsa tanpa pepoyan. Sowanipun ing pratapan awit kautus ingkang uwa Prabu Yudhistira kinen nyarawedekaken murcanipun ingkang rama wau, yen taksih sugeng wonten pundi papan dunungipun, dene yen sampun seda ing pundi candhinipun.

Sang Abyasa sajarwa, yen sang Arjuna samangke saweg dados lampahan. Sang Begawan boten saged ambuka warananipun, jer ingkang punika nerak papacuhing Dewa Ingkang Linangkung. Mila Abimanyu kinen wangsul dhateng Ngamarta, matura ing ngarsanipun Prabu Yudhistira supados amasrahaken bab sirnanipun sang Arjuna ing astanipun Bathara Buda Werocana ing pratapan Budicipta, jer namung Sang Bathara ingkang wenang amedharaken.

Abimanyu lajeng gita-gita nyuwun pamit wangsul dhateng Ngamarta, wulucumbu sekawan tut wuri.

7. ADEGAN PERANG SEKAR

Satengahing margi wangsul saking Wukiratawu anasak wanawasa, lampahipun sang Abimanyu sapandherek kandheg dening barisaning yaksa saking nagari Himawah, kawulanipun Prabu Kunjarakarna.

Sampun watak wantuning yaksa lumuh ngawon melik epeh, mancing dhadhakaning prakawis angawisi lajuning lampahipun sang Abimanyu. Sulayaning rembag dados perang, udreg rame rebat unggul, nanging wekasanipun balayaksa pejah tetumpesan.

Abimanyu sapandherek anglajengaken lampah, rahayu widada dumugi ing Ngamarta.

Pathet Manyura

8. ADEGAN NAGARI NGAMARTA

Kajawi Raden Arjuna ingkang boten katingal, para kadang Pandhawa dalah para sentana pepak ngempal ing kadhaton, sami tetebengan manggalih ingkang taksih murca, ing batos tansah angantu-antu pawartos saking Wukiratawu.

Kesaru sowanipun Abimanyu sapandherek, atur uninga dhawuh welinganipun ingkang eyang Begawan Abyasa. Prabu Yudhistira lajeng amedharaken karsanipun sumedya enggal-enggal tindak dhateng Budicipta sowan Bathara Buda Werocana. Wrekodara, Gathutkaca lan Abimanyu andherek. Lajeng bidhalan.

9. ADEGAN PRATAPAN BUDICIPTA

Bathara Buda Werocana kaadhep dening Kunjarakarna lan Purnawijaya.

Sasampunipun sinambrama ing pambage karaharjan, sang Purnawijaya ngaturaken kajenging pisowanipun, angkaeni anggenipun nandhang dosa nerak wewalering Dewa, purwa madya wasananipun sampun katur sadaya, ing samangke sumedya puruhita sang Bathara nyuwun pitedahing wulang Darma amrih rinuwata saking papa nisthaning agesang.

Bathara Wérocana kepareng minangkani penyuwunipun Purnawijaya. Kinen nyaket lenggahipun sang Purnawijaya sumawana sang Kunjarakarna, kekalihipun sasarengan winulang anggering Darma sarta wewadosing agesang lan kadosan. Baka sapacak kasulangaken lampahing agesang, kawiwitan saking manunggaling kamanipun bapa lan sarining biyung, temah mahanani wujud bebakaling bayi ing guwa garbaning biyung. Bebakaling bayi wau kasinungan atma-atma ingkang anuwuhaken hawa napsu, akal lan budi, cawuh sajiwa ingkang binekta lair ing alam gesang. Lairing jabang bayi sinartan wutahing getih tuwin tohing jiwanipun pun biyung, inggih punika dosa kapisan tumrap janma gesang: dosa dhateng biyung.

Bayi tuwuh sinarengan daya prabawa lan panggulawenthah saking pasrawunganipun, saya dangu mindhak diwasa, akiripun dados janma sinung budi pakarti, awon sae sesa-sesa imbanganing hawa napsu, akal lan budi, ingkang tinuwuhaken dening atma-atma ingkang amrebawani sadanguning gesangipun.

Wondene ingkang dipun-wastani dosa punika pakarti ingkang kaprebawan dening atma ingkang nuwuhaken kaladuking hawa napsu, kosokwangsulipun kasukcen utawi gesang ingkang sampurna, punika tansah katuntun dening atma ingkang mahanani kaluhuraning budi, boten kadayan dening hawa napsu.

Sasampunipun kasulangaken dhasar-dhasaring pangertosan bab agesang lan dosa kasebat, Bathara Werocana lajeng ngajak Purnawijaya lan Kunjarakarna amuja semedi. Kanthi sedhakep saluku tunggal, tetiganipun mindeng anyawijekaken daya pikiran lan batosipun tumuju dhateng Hyang Ingkang Karya Gesang anedhakna kanugrahan kasampurnaning gesang ingkang sinukcenan saking memalaning dosa.

Awit saking karsaning Jawat Linangkung, dumadakan wonten sanjata arupi cakra cumlorot saking awiyat dhumawah ing pepangkonipun Purnawijaya. Dene Kunjarakarna sami sanalika ical sipating yaksa, santun rupi awujud satriya bagus. Semedi lajeng sami kawudharan.

Sang Werocana manabda, yen sanjata cakra ingkang tinampi dening Purnawijaya punika winastan Cakra Baswara utawi Cakra Sudarsana, punapa dene ruwatipun Kunjarakarna saking sipat yaksa dados satriya bagus, punika minangka pracihna bilih kekalihipun sampun sampurna anggenipun sami anyecep wiyatadi ingkang kaparingaken dening Sang Bathara.

Lampah candhakipun Kunjarakarna kinen santun nami Arjunapati, dhinawuhan nyuwita dhateng Prabu Buayanata ing Sriwedari. Dene Purnawijaya kedah nebus dosanipun ing Yomani, awit kukuming karma tan sinelakan, nanging kanthi wiyatadi ing bab Darma sarta traping ulah semedi ingkang sampun rinesep sarta ginebeng, Purnawijaya boten badhe rumaos siniksa.

Purnawijaya lan Kunjarakarna mangestu pada lajeng pamit angayahi lampah sowang-sowang.

Saunduripun Purnawijaya lan Kunjarakarna, kesaru rawuhi-

pun Prabu Yuhdistira sasarengan lan Wrekodara, Gatutkaca lan Abimanyu, sowan ngarsanipun Sang Bathara.

Sasampunipun sinambrama ing pambage saperlunipun, Prabu Yudhistira apratela kaperluwanipun anggenipun sami sowan, sumedya anyarawedekaken murcanipun kadang Pandhawa sang Arjuna ingkang sampun sawarsa tanpa peopyan.

Bathara Werocana sagah mingkani pemundhutipun Prabu Yudhistira, kalamun sang Nata saged ambatang cecangkrimanipun Sang Bathara. Prabu Yudhistira sagah, lan temahanipun ugi saged ambatang cangkrimanipun sang Bathara Werocana kanthi pratitis. Kaelokaning lalampahan, kebatanging cangkriman mahanani badharipun Sang Bathara Werocana, pulih dados Sri Bathara Kresna Nata Dwarawati. Sadaya sami oneng-onengan.

Nanggapi pitakenipun Arya Wrekodara, Sri Kresna apratela anggenipun angasrama ing Budicipta asarira Buda Werocana, awit saking kaderenging panggalih angupadi kesahipun Sang Arjuna.

Sadaya lajeng sami sarujuk, Prabu Yudhistira kondur dhateng praja kadherekaken Gathutkaca lan Abimanyu, dene Sri Kresna lan Wrekodara badhe nerusaken lampah anglacak kesahipun Sang Arjuna.

Wusana lajeng sami sesowangan anilaraken pratapan Budicipta.

10. ADEGAN ING YOMANI

Sadhatengipun ing Yomani, Sang Purnawijaya inggih Sang

Arjuna tinampi dening Bathara Yamadipati, dinangu menggah kaperluwanipun, apratela sumedya badhe anebus dosanipun, suka rila nampi pidana siniksa ing kawah Candradimuka.

Bathara Yamadipati sakalangkung eram dhateng lekasipun sang Arjuna, anggenipun sumadhiya dhateng piyambak anglampahi paukuman. Adating akathah sami pados rekadaya murih cabaring paukuman, nanging Arjuna malah ngosokwangsul tumindakipun. Temahan Arjuna lajeng sineret cinemplungaken ing kawah ingkang toyanipun umob mawalikan dening balanipun Bathara Yamadipati. Sakedhep netra sakujur sariranipun Arjuna sampun ledheh arontang-ranting.

Nanging betek saking kumandeling tekad ingkang linambaran patrap lampahing semedi sarta ngelmu ingkang sampun rinegem saking paringipun Sang Buda Werocana, Sang Arjuna babar pisan boten kraos siniksa. Malah boten antawis dangu ponang kawah dumadakan sirna santun rupi malih dados talaga asrep awening, dumunung satengahing taman kaswarga. Ing tengah katingal ngegla Sang Arjuna, pulih sariranipun, mancorong gilang-gilang agenmu prabawa.

Sigra rawuh Yamadipati, aminta den wangsulaken ponang kawah kados wujude nguni minangka papan pasiksaning para duskarti. Nanging Arjuna boten kadugi minangkani, temah dados perang. Bathara Yamadipati kaseser, Arjuna lajeng kalilan wangsul ing arcapada. Risaking kawah Candradimuka badhe kalapuraken dhateng Bathara Guru.

11. ADEGAN PAKUWON KORAWA SATENGAHING WANA

Para tetindhihing bala Korawa ngawontenaken pirembagan

anggenipun taksih dereng angsal damel angupadi sanjata Cakra Baswara. Sang Basukarna aprasetya boten badhe wangsul ing nagari yen dereng kalampahan amboyong ponang sanjata Cakra kasebat. Makaten ugi Patih Sangkuni, Dursasana lan sanes-sanesipun sami anelakaken badhe setya mituhu umiring sarta sabyantu dhateng Sang Basukarna ngantos pinanggih ingkang sanjata.

Dumadakan wonten palapuran, bilih ing katebihan katingal kumledhangipun Raden Arjuna ingkang sajak anyelaki pakuwon. Basukarna agahan tindak dhateng pabarisan ngajeng, tinut dening sanes-sanesipun. Boten kekilapan malih, bilih ingkang lumampah ngener pakuwon risang Arjuna, lajeng dipun anti. Sareng sampun celak, age pinarepekan, sinambrama ing raos kekapangan. Dinangu dening Basukarna, Arjuna waleh mentas puruhita dhateng Bathara Buda Werocana, sampun widagda, temah antuk kanugrahan sanjata Cakra Baswara, ing samangke badhe wangsul ing Ngamarta.

Mireng pratelanipun sang Arjuna, para Korawa eram salebeting manah, nanging ugi lajeng tuwuh candhalanin budi. Sang Basukarna angrimuk den tedahana kados pundi wujudipun sanjata Cakra Baswara, Sang Arjuna tanpa kasujanan angulungaken, nanging dumadakan kados sampun rinancang sakawit para Korawa sasarengan angroyok Arjuna ngantos kuwalahan, malah-malah Sang Basukarna ngunus sanjata Kunta tinamakaken ing jajanipun sang Arjuna, rebah kapisanan. Sari amboyong sanjata Cakra Baswara, para Korawa gegancangan wangsul dhateng praja.

Kocap lampahipun Sri Bathara Kresna lan ingkang ari Sang Wrekodara kandheg ing tilas papan pakuwonipun para Korawa, kaget angulati sariranipun sang Arjuna ingkang gumlethak prasa-

sat kunarpa. Agahan den parepeki. Sri Kresna sampun boten kekilapan, Arjuna lajeng kausadanan sarana sekar Wijayakusuma, sanalika pulih waluya jati. Dinangu larah-larahipun dene Arjuna kaniaya samadyaning wana, Sang Arjuna matur sadaya lelampahanipun ngantos anggenipun cinidra dening Korawa.

Gancanging cariyos, sang Arjuna kinen anungka plajengipun para Korawa, ingkang tertamtu wangsul dhateng Ngastina. Sri Kresna lan Wrekodara ingkang badhe anjampangi saking wingking.

12. ADEGAN TAMAN KADILENGENG NGASTINA

Prameswari Nata Ngastina, Dewi Banuwati, saweg eca angenggar-enggar panggalih ing Taman Kadilengeng, dumadakan kaget dening sang Arjuna, ingkang boten kanyana-nyana ujug-ujug jumedhul tanpa sangkan marak ing sacelakipun.

Sang Arjuna prasaja, bilih sowanipun ing Kadilengeng ingkang sajak nyalawadi amung saperlu nyuwun pambyantunipun sang Dewi angudi murih wangsulipun sanjata Cakra Baswara saking astanipun ingkang raka Nata Prabu Suyudana. Lajeng kaandharaken purwa-madyawasananing lelampahan.

Sang Dewi sajak kirang migatosaken, nanging malah anggodha sang Arjuna kanthi lelewa ingkang anggigah raos rarasing asmara. Sajatosipun antawisipun sang Arjuna lan Dewi Banuwati mila sampun dangu tuwuh raosing sih-sinihan, mila sang Arjuna inggih lajeng anglanggati karsaning sang Dewi. Malah dhapur kaleresan dados sarana mancing dhadhakan dukaning Nata Suyudana.

Lekasipun sang Arjuna lan Dewi Banuwati ingkang makaten wau kadenangan dening salah satunggaling emban, ingkang lajeng kesah mewadul dhateng sang Nata.

13. ADEGAN PANDHAPI NGASTINA

Prabu Suyudana miyos tinangkil den adhep dening Maharsi Drona, Adipati Basukarna, Patih Sangkuni sarta para kadang Korawa sanesipun ingkang nembe wangsul saking dinuta angupadi sanjata Cakra Baswara.

Sang Nata sanget karenan ing panggalih nampi palapuranipun Sang Basukarna ingkang sampun kaleksanan amboyong sanjata Cakra Baswara. Kanthi gumujeng latah sang Suyudana angampil ponang sanjata, tansah den ulati wungsal-wungsul, dumadakan kesaru sowanipun abdi emban saking kaputren, atur uninga yen taman Kadilengeng kalebetan duratmaka, ingkang boten sanes kajawi ingkang rayi piyambak Raden Arjuna, kumawani ngganggu damel garwa Nata Sang Prameswari.

Tanpa manggalih panjang, sang Suyudana jumeneng saking palenggahan anggeblas dhateng taman, nilaraken ingkang sami sumewa. Sadaya sami gupuh, lajeng anututi jengkaring Nata.

Ing taman Sang Suyudana mrangguli Arjuna saweg langen cangkrama lan Dewi Banuwati, sakala muntap dukaning Nata, boten taha-taha anyerang wani, nanging Arjuna sampun prayitna sumingkir angendhani, katotoran sang Prabu gentos rinuket dening Arjuna, kanthi trengginas sanjata Cakra Baswara kening karebat, risang Arjuna lajeng lumajar anilar taman. Prabu Suyudana sanget kebranang panggalihipun, sumedaya anututi, nanging

kepapag lan para kadang Korawa sanesipun sumawana Patih Sangkuni lan Basukarna. Sadaya sampun jinarwan icaling sanjata Cakra rinebat dening Arjuna, boten saranta lajeng sami medal saing taman ambujeng plajengipun sang Arjuna.

Nanging dereng sapintena jumangkah saking sajawining baluwarti sampun sami bibaran rinabasa dening pamukipun sang Wrekodara.

Arjuna pinapagaken dening Sri Kresna, gegancangan kondur dhateng nagari Ngamarta. Wrekodara sumsul.

Dumugi ing Ngamarta wangsulipun Arjuna tinampi dening para kadang sentana kanthi suka sukuring panggalih.

Tancep kayon

TERJEMAHAN BEBAS

Bagian Pathet Nem

1. ADEGAN KERAJAAN ASTINA

Pada suatu hari pasewakan agung, di balairung istana kerajaan Astina, Prabu Suyudana duduk di atas singgasana, dihadap oleh Patih Sangkuni, Pendeta Sokalima Maharesi Drona, Adipati Awangga Prabu Basukarna, Raden Kartawarma dan priagung lainnya.

Pembicaraan berkisar pada perang Barata antara kerabat Korawa dan Pandawa yang rupanya sudah tidak dapat dicegah lagi; cepat atau lambat pasti pecah.

Karena ambisinya untuk memenangkan perang itu, maka Prabu Suyudana ingin memiliki sebuah senjata yang disebut "Cakra Baswara", yang konon, menurut wangsit yang diterimanya pada malam sebelumnya, merupakan suatu sarana untuk memperoleh kejayaan dan kewibawaan. Senjata tersebut kini berada di tangan Batara Buda Wairocana di pertapaan Budicipta.

Maka baginda lalu mengutus Prabu Basukarna melawat ke Budicipta untuk minta senjata tersebut dari Batara Buda Wairo-

cana. Basukarna segera minta diri untuk melaksanakan titah raja. Baginda pun memerintahkan Patih Sangkuni mendampingi perjalanan Basukarna bersama dengan beberapa kerabat Korawa lainnya.

Selesai pasewakan baginda meninggalkan balairung menuju ke puri, diiring oleh para ceti bedaya srimpi yang membawa upacara kebesaran raja. Maharesi Drona bersama Sangkuni, Kartawarma dan lain-lainnya menuju ke paseban luar.

Di paseban luar para kerabat Korawa lainnya serta para wira prang kerajaan Astina sudah lama menanti hasil pembicaraan di pasewakan. Segera Patih Sangkuni memerintahkan Dursasana, Kartawarma, Citraksa, Citraksi, Jayadrata dan Haswatama berkemas-kemas mengikuti perjalanan Adipati Basukarna ke Budicipta dengan membawa pasukan bersenjata lengkap.

Tidak lama kemudian gong bende beri berkumandang bertalu-talu sebagai tanda berangkat.

2. ADEGAN PERTAPAAN BUDICIPTA

Di pertapaan Budicipta Batara Buda Wairocana menerima tamunya, Kunjarakarna, seorang yaksa-raja dari Himawan.

Kunjarakarna mengadukan nasibnya, bahwa ia berupa yaksa, oleh karena itu hatinya tidak pernah merasa tentram, senantiasa diliputi rasa ketakutan, sebab, menurut pendapat para cendekia, yaksa dicadangkan masuk ke neraka, bila ajalnya sampai. Maka kedatangannya di Budicipta ia maksudkan untuk berguru kepada sang Batara, agar memperoleh ilmu tentang kesempurnaan hidup, disucikan dari segala noda dan dosa, dengan demikian

teruwat dari wujudnya sebagai yaksa, dan akhirnya kelak akan terhindar dari siksaan neraka dan mencapai nirwana.

Batara Wairocana berjanji akan mengabulkan permintaan Kunjarakarna, tetapi hendaknya ia lebih dulu pergi ke Yomani untuk menyaksikan segala sesuatu isi neraka.

Kunjarakarna segera pamit. Setelah mencium kaki sang Batara, bergegaslah ia menuju ke Yomani.

3. ADEGAN PERANG GAGAL

Di tengah perjalanan, Kunjarakarna berpapasan dengan barisan Korawa yang dipimpin oleh Prabu Basukarna. Setelah saling tegur-menyapa, timbul pertengkaran mulut berebut jalan, yang berakhir dengan perang.

Perintis barisan Korawa sang Kartawarma terdesak, demikian pula Haswatama, Dursasana dan lainnya ternyata tidak mampu melawan amuk Kunjarakarna. Akhirnya Basukarna maju melepaskan senjata Kunta, tetapi rupanya Kunjarakarna kebal terhadap senjata apapun, dan amuknya semakin hebat, akhirnya barisan Korawa kocar-kacir dan lari tunggang-langgang meninggalkan medan.

Kunjarakarna meneruskan perjalanannya menuju ke gunung Mahendra.

Sampai di simpang empat Rapatkepanasan Kunjarakarna bingung, tidak tahu jalan mana yang menuju ke Yomani. Kemudian datanglah Batara Wrahaspati, utusan Batara Guru, untuk menunjukkan jalan yang harus diikuti oleh Kunjarakarna.

Setelah mengucapkan terima kasih, Kunjarakarna lalu pergi mengikuti arah yang ditunjukkan.

4. ADEGAN YOMANI

Batara Yamadipati, dewa maut, penguasa kahyangan Yomani, menerima kunjungan Kunjarakarna. Sang Yamadipati sudah tahu maksud kedatangan Kunjarakarna, maka diterangkannya segala maca peralatan isi neraka untuk menyiksa sukma orang-orang yang telah berdosa semasa hidupnya yang lalu di arcapada, satu demi satu tentang sipat, ujud dan kegunaannya, dan bagaimana sukma-sukma jahat itu disiksa. Di antaranya juga ditunjukkan sebuah tungku api besar yang dinamakan "api jahanam". Setelah sukma-sukma jahat itu di-"suci"-kan dalam tungku api jahanam tersebut, lalu digiling dalam gunung "Gilingan-baja". Serbuknya kemudian disebar di atas bumi, diberi nyawa, dan mereka hidup kembali sebagai cacing, ulat, lintah dan lain-lain sejenisnya. Masa hidup berikutnya dilalui dalam wujud binatang unggas dan satwa lainnya, setahap demi setahap semakin sempurna, ribuan tahun lamanya, untuk kemudian lahir kembali sebagai manusia cacat. Kalau selama menjadi manusia cacat itu mereka berkelakuan baik dan menjauhkan diri dari perbuatan dosa, mereka akan dilahirkan kembali sebagai manusia yang mulia dan berwibawa atau orang suci untuk akhirnya mencapai nirwana. Sebaliknya kalau mereka masih mengulangi perbuatan-perbuatan dosanya, hukumannya akan terulang kembali, disiksa dalam neraka dengan segala kesengsaraannya seperti semula.

Menanggapi pertanyaan Kunjarakarna tentang sebuah kawah yang kini sedang dipersiapkan, Yamadipati menerangkan, bahwa kawah itu dinamakan "Kawah Candradimuka", juga disebut

"tambra go-mukha" atau "kenceng neraka". Kini dipersiapkan untuk tempat menyiksa Batara Purnawijaya, yang tidak lain daripada Arjuna dari kerabat Pandawa. Ia kini menjadi raja di Karang-Widadaren kahyangan Tinjomaya, bernama Prabu Kiritin, beristrikan Dewi Supraba dan keenam bidadari lainnya atas karunia Batara Guru karena jasanya telah membinasakan yaksa-raja angkara Prabu Niwatakawaca dari Manikmantaka yang pernah merusak kahyangan. Tetapi Arjuna telah melanggar batas waktu yang diijinkan oleh Batara Guru, yaitu tujuh hari tujuh malam, namun kini sudah tujuh bulan lewat, Arjuna belum jua menyerahkan kembali Tinjomaya kepada Batara Guru. Dengan demikian Arjuna telah berdosa mengabaikan perintah Dewa, maka iapun akan menjalani hukuman siksa di kawah Candradimuka 100 tahun lamanya.

Kunjarakarna terkejut mendengar berita itu dan minta ijin untuk pergi ke Tinjomaya dengan maksud hendak memperingatkan Arjuna akan dosanya itu. Kunjarakarna kenal benar kepada Arjuna dalam hubungannya dengan raja Paranggelung Prabu Palgunadi.

Yamadipati mengijinkan, maka Kunjarakarna bergegas-gegas minta pamit untuk menemui sang Purnawijaya di kahyangan Tinjomaya.

5. ADEGAN KAHYANGAN TINJOMAYA

Raden Arjuna, kini bernama Batara Purnawijaya atau juga disebut Prabu Kiritin, sedang bercengkerama dengan ketujuh bidadari permaisurinya, ketika Kunjarakarna datang.

Setelah menerima sambutan selamat datang, Kunjarakarna

menceritakan, bahwa ia baru saja datang dari Yomani dan dari Batara Yamadipati didengarnya kabar tentang dosa Purnawijaya yang telah mengabaikan batasan waktu tujuh hari tujuh malam yang diijinkan oleh Batara Guru kepadanya menduduki tahta kahyangan Tinjomaya. Oleh sebab itu hukuman siksa seratus tahun dalam kawah Candradimuka kini menantinya.

Alangkah terkejut Purnawijaya mendengar nasib yang bakal menimpanya. Ia tidak menduga sama sekali akan menerima hukuman berat karena kelalaiannya. Sejurus ia tertegun, tidak tahu apa yang harus dilakukan. Ketujuh permaisurinya tidak ingin ditinggalkan. Dalam tangisnya mereka menyatakan bersedia ikut disiksa dalam kawah bersama Purnawijaya.

Kunjarakarna akhirnya menyarankan, agar Purnawijaya mau pergi ke pertapaan Budicipta bersamanya berguru kepada Sang Batara Buda Wairocana, barangkali sang Batara berkenan memberi pengampunan dan meruwat segala dosanya.

Merasa lega karena memperoleh harapan, Purnawijaya segera menyetujui saran tersebut, kemudian berangkatlah mereka ke pertapaan Batara Wairocana di Budicipta.

Pathet Sanga

6. ADEGAN PERTAPAAN WUKIRATAWU

Di pertapaan Wukiratawu atau Saptaarga Begawan Abyasa Kresnadwipayana menerima kunjungan Raden Abimanyu dan keempat panakawan pengiringnya Kyai Lurah Semar, Nala Gareng, Petruk dan Bagong.

Abimanyu menceritakan perihal menghilangnya Raden Arjuna, yang sudah satu tahun kurang lebih tidak ada kabar beritanya. Kedatangannya di Wukiratawu karena diutus oleh Prabu Yudistira untuk mendapat petunjuk dan nasehat, kalau sang Arjuna masih hidup ke mana harus mencari tempatnya bermukim, tetapi kalau sudah tiada di mana gerangan candinya.

Dinyatakan oleh Begawan Abyasa, bahwa kini Arjuna sedang mengalami cobaan. Apa yang menjadi masalahnya, sang Bagawan tidak berwenang membeberkannya, karena akan melanggar larangan Dewa. Maka disarankan hendaknya Prabu Yudistira pergi ke pertapaan Budicipta untuk mempercayakan perkara hilangnya Arjuna itu kepada Batara Buda Wairocana, sebab sang Bataralah yang berwenang untuk memecahkannya.

Setelah mendapatkan amanat sang Begawan, maka Abimanyu beserta keempat panakawan minta diri kembali ke Amarta.

7. ADEGAN PERANG SEKAR

Tengah perjalanan kembali dari Wukiratawu, dalam hutan belantara, Abimanyu dan keempat panakawan dihadang oleh barisan yaksa dari Himawan, kawula Prabu Kunjarakarna.

Sudah menjadi sipat watak yaksa yang pantang mengalah ingin menang sendiri, maka balayaksa memancing suatu perselisihan dengan melarang Abimanyu meneruskan perjalanan. Perang tidak dapat dihindarkan. Setelah melalui pertarungan sengit, akhirnya Abimanyu berhasil menumpas balayaksa.

Abimanyu dengan pengiringnya melanjutkan perjalanan, selamat sampai tiba kembali di Amarta.

8. ADEGAN KERAJAAN AMARTA

Hadir di istana segenap kerabat Pandawa, kecuali Arjuna. Mereka sangat bersedih hati memikirkan yang masih belum kembali. Dalam hati mereka tak sabar menanti berita dari Wukiratawu.

Datanglah Abimanyu dan keempat panakawan langsung menghadap, menyampaikan amanat Begawan Abyasa. Prabu Yudistira kemudian menyatakan keinginannya untuk segera berangkat ke Budicipta menemui Batara Buda Wairocana. Wrekodara, Gatutkaca dan Abimanyu ikut menyertainya.

Mereka berangkatlah.

9. ADEGAN PERTAPAAN BUDICIPTA

Batara Buda Wairocana dihadap oleh Kunjarakarna dan Purnawijaya.

Purnawijaya menyampaikan maksud kedatangannya. Ia mengakui telah berdosa melanggar ketentuan Dewa. Batasan waktu tujuh hari tujuh malam yang diperkenankan untuknya tinggal dan merajai kahyangan Tinjomaya, ternyata kini telah mulur menjadi tujuh bulan, karena kelalaiannya semata. Karena dosanya itu ia dicadangkan untuk mendapatkan hukuman siksa di kawah Candradimuka di Yomani. Karena itu ia ingin berguru kepada sang Batara, mohon diajarkan segala ilmu untuk mencapai kesempurnaan hidup untuk membersihkan dirinya dari segala dosa.

Batara Wairocana mengabulkan permintaan Purnawijaya.

Bersama Kunjarakarna maka diajarkannya tentang arti hakikat hidup dan dosa. Perkembangannya setahap demi setahap, mulai dari berpadunya air mani sang bapa dan telur sang ibu dalam rahimnya. Pertumbuhannya menjadi janin. Tentang atma-atma yang membentuk napsu, akal dan budi dalam jiwa janin itu yang akan dibawanya lahir kemudian di dunia. Janin tumbuh menjadi bayi yang dilahirkan oleh sang ibu dengan pertumpahan darah dan pertaruhan jiwa, dan inilah dosa pertama manusia, dosa terhadap ibu. Bayi tumbuh dan berkembang, dibentuk oleh ajaran dan pengaruh lingkungannya. Makin besar makin dewasa, akhirnya menjadi manusia dengan segala perikelakuannya dan adat-pekertinya, baik ataupun buruk bergantung dari imbangan kekuatan napsu, akal dan budi yang dibentuk oleh atma-atma yang mempengaruhi sepanjang perkembangan hidupnya.

Adapun yang dinamakan dosa, ialah laku-pekerti yang dipegaruhi secara berkelebihan oleh atma yang membentuk napsu, sebaliknya kesucian atau kesempurnaan hidup selalu dibina oleh keluhuran budi yang tidak dipengaruhi oleh napsu.

Setelah memberikan wejangan tentang dasar-dasar pengertian tentang hakekat hidup dan dosa tersebut, Wairocana mengajak Purnawijaya dan Kunjarakarna bersamadi. Dengan bersikap sedekap-saluku tunggal mereka memusatkan segala kekuatan pikiran dan batinnya tertuju kepada Yang Membuat Hidup agar diturunkan anugerah kehidupan yang sempurna, suci dari segala noda dan dosa.

Atas kehendak Dewata Agung, tiba-tiba sebuah senjata berupa cakra jatuh di pangkuan Purnawijaya seperti dari langit layaknya. Sedang Kunjarakarna tiba-tiba hilang sipat yaksanya, beralih rupa menjadi seorang satria rupawan. Mereka lalu menyudahi samadinya.

Wairocana menyatakan, bahwa anugerah senjata untuk Purnawijaya yang berupa cakra, yaitu yang disebut Cakra Baswara ataupun Cakra Sudarsana, demikian pula perubahan rupa dan sipat Kunjarakarna dari yaksa menjadi satria rupawan, adalah suatu bukti bahwa mereka telah berhasil dan lulus dalam meresapi dan menghayati ilmu yang diajarkan oleh sang Wairocana dengan sempurna.

Laku berikutnya yang harus dipenuhi ialah agar Kunjarakarna mengubah namanya menjadi Arjunapati dan hendaknya mengabdi kepada Prabu Buyanata di Sriwedari. Adapun Purnawijaya agar segera menebus dosanya, bersedia disiksa di kawah Candradimuka, sebab hukum karma tidak dapat dielakkan. Tetapi dengan ilmu tentang ulah Darma dan samadi yang telah dimilikinya sekarang, ia tidak akan menderita.

Purnawijaya dan Kunjarakarna menyembah, lalu mengundurkan diri.

Seperti mereka, datanglah Prabu Judistira bersama dengan Wrekodara, Gatutkaca dan Abimanyu, menghadap Batara Wairocana.

Setelah disambut dengan segala keramahan dan kehormatan oleh sang Wairocana, Prabu Yudistira menjelaskan maksud kedatangannya untuk mempercayakan masalah hilangnya Arjuna kepada kearifan dan kebijaksanaan Batara Wairocana.

Batara Wairocana sanggup mencari dan menemukan Arjuna, asal Prabu Yudistira sanggup pula menjawab teka-teki yang diajukan. Prabu Yudistira menyanggupi dan ternyata pula mampu men-

jawab teka-teki sang Wairocana dengan tepat sekali. Dan seketika itu pula sang Buda Wairocana pulih kembali pada wujud sebenarnya sebagai Prabu Sri Batara Kresna, raja Dwarawati. Semua menjadi terharu dan gembira.

Menanggapi pertanyaan Wrekodara, Sri Kresna menyatakan, bahwa karena dorongan hasratnya mencari Arjuna yang telah lama menghilang, maka ia berada di pertapaan Budicipta sebagai Batara Buda Wairocana.

Kemudian disepakati semua, bahwa Prabu Yudistira segera kembali ke Amarta diantar oleh Gatutkaca dan Abimanyu. Sri Kresna dan Wrekodara meneruskan mencari Arjuna.

Mereka pun berpisahan meninggalkan Budicipta.

10. ADEGAN YOMANI

Sesampainya di Yomani, Sang Purnawijaya disambut oleh Batara Yamadipati. Ditanya maksud kedatangannya di Yomani, Purnawijaya, atau yang sebenarnya Arjuna, menyatakan akan menebus dosanya dan sudah siap sedia menjalani hukuman siksa dalam kawah Candradimuka.

Batara Yamadipati takjub akan kelakuan Arjuna yang dengan suka rela datang sendiri hendak menebus dosanya dalam kawah neraka. Kebanyakan orang berusaha menghindar dari hukuman, tetapi Arjuna justru berbuat sebaliknya. Maka segeralah Arjuna diseret dan diceburkan dalam kawah yang airnya panas mendidih oleh para algojo bala Yamadipati. Sekejap mata hancur luluh badan sekujur sang Arjuna.

Tetapi berkat keteguhan hati yang dilakukan dengan samadi serta ilmu tentang Darma yang telah diperolehnya dari sang Batara, Arjuna tidak sedikitpun menderita. Bahkan tidak lama kemudian kawah yang airnya mendidih itu pun tiba-tiba menjadi telaga berair sejuk dan bening, berada di tengah-tengah taman sorga. Tampak sang Arjuna berdiri di tengah, pulih sehat kembali bercahaya penuh wibawa.

Datang segera sang Yamadipati menuntut kembalinya kawah Candradimuka seperti keadaannya semula sebagai tempat menghukum dan menyiksa para sukma yang jahat. Arjuna tidak sanggup memenuhi, maka terjadilah perang. Yamadipati kalah, melepaskan Arjuna kembali ke arcapada dan melaporkan peristiwa kawah itu kepada Batara Guru.

11. ADEGAN PERKEMAHAN KORAWA DI TENGAH HUTAN

Pimpinan bala Korawa mengadakan musawarah tentang usaha mereka mencari senjata Cakra Baswara yang masih belum berhasil. Prabu Basukarna menyatakan tekadnya tidak akan kembali ke Astina kalau tidak dengan membawa senjata tersebut. Demikian pula Sangkuni, Dursasana dan lainnya, mereka akan tetap patuh dan setia mendampingi usaha Basukarna dalam mencari senjata tersebut sampai berhasil.

Tiba-tiba datang laporan, bahwa di kejauhan terlihat Arjuna sedang menuju ke arah perkemahan mereka. Basukarna bersama yang lain segera menuju ke barisan terdepan. Tak ayal mereka, bahwa yang datang itu sang Arjuna. Setelah dekat sang Arjunapun disambut dengan ramah. Menanggapi pertanyaan Basukarna, Arjuna menceritakan baru selesai berguru kepada Batara Wairo-

cana di Budicipta, sudah lulus, dan mendapat anugerah senjata berupa Cakra Baswara atau Cakra Sudarsana. Sekarang Arjuna ingin kembali ke Amarta.

Mendengar cerita Arjuna, para Korawa dalam hati kagum dan takjub, tetapi dalam pada itu pun tumbuh perasaan dengkinya. Dengan bujukan halus Basukarna minta diperlihatkan rupa senjata cakra tersebut. Tanpa menaruh wasangka Arjuna memperlihatkan senjata Cakra Baswara, tetapi tiba-tiba Basukarna merebutnya. Dalam sekejap itupun Korawa serempak mengeroyok Arjuna, dan Basukarna menikamkan senjata Kunta ke dadanya. Arjuna rebah tanpa berkutik. Dengan membawa senjata rampasannya, Korawapun segera meninggalkan perkemahan kembali ke Astina.

Tersebutlah perjalanan Sri Kresna dan Wrekodara, sampai di tempat bekas perkemahan Korawa mereka dikejutkan oleh tubuh Arjuna yang terkapar di atas tanah tak sadarkan diri. Segera mereka mendekatinya. Sri Kresna tak ayal lagi bahwa Arjuna belum mati, dan dengan bunga Wijayakusuma di-"hidup"-kan kembali, pulih seperti semula. Setelah diusut dan dipaparkan segala ikhwal mulai dari awal sekali sampai teraniayanya Arjuna oleh Korawa, maka Sri Kresna segera memutuskan agar Arjuna mengejar Korawa, yang tentunya kembali ke Astina, Sri Kresna dan Wrekodara akan mengawasi di belakang.

12. ADEGAN TAMAN KADILENGENG ASTINA

Perhubungan raja Astina, Dewi Banuwati, tengah berhibur hati di taman Kadilengeng, tiba-tiba dikejutkan oleh sang Arjuna yang tak diduga-duga muncul di sampingnya.

Arjuna mengabarkan maksud kedatangannya di taman Kadilengeng secara rahasia itu adalah untuk minta bantuan sang permaisuri mengusahakan kembalinya senjata Cakra Baswara yang kini berada di tangan Prabu Suyudana. Maka diceritakan peristiwanya dari awal sampai akhir.

Rupanya sang Dewi tidak begitu mengacuhkan, melainkan malah menggoda sang Arjuna dengan ulah yang membangkitkan rasa asmara. Sebenarnya antara Arjuna dan Banuwati sudah sejak lama tumbuh rasa saling mencinta, maka sang Arjunapun tidak mengabaikan keinginan sang Dewi. Malah kebetulan sekali dimanfaatkan untuk memancing amarah Suyudana. Tidak lama kemudian mereka berdua diasyiki oleh canda cumbu mesra. Ulah mereka itu diketahui oleh salah seorang abdi emban, yang segera melaporkan kejadian tersebut kepada Prabu Suyudana.

13. ADEGAN PENDAPAT ASTINA

Prabu Suyudana dihadap oleh Maharesi Drona, Adipati Basukarna dan Korawa lainnya, yang baru tiba kembali dari perlawatannya mencari senjata Cakra Baswara.

Menerima laporan Sang Basukarna yang telah berhasil memperoleh senjata Cakra Baswara, Suyudana merasa sangat senang dan dengan ketawa terbahak-bahak ditimang-timangnya senjata tersebut, berulang kali diamat-amati, sampai tiba-tiba terganggu oleh kedatangan abdi emban yang melaporkan terdapatnya seorang duratmaka dalam taman Kadilengeng yang mengganggu permaisuri baginda. Dan duratmaka itu sebenarnya tidak lain daripada Raden Arjuna.

Tanpa pikir panjang, serta merta Prabu Suyudana meninggalkan pendapa, bergegas-gegas menuju ke taman. Yang lain-lain pun dengan gopoh-gopoh menyusul.

Tiba di taman didapatinya Arjuna sedang bercanda dengan Banuwati. Baginda tidak mampu menahan marahnya, lalu langsung menyerang. Tetapi Arjuna sudah waspada dan dengan cekatan menghindar, sehingga Suyudana menangkap angin dan terhuyung-huyung hampir jatuh. Segera Arjuna meringkus Suyudana dari belakang. dan dengan cepat berhasil merebut kembali senjata Cakra Baswara yang terus dibawanya lari ke luar dari taman. Suyudana, yang semakin berkobar amarahnya, segera akan mengejar Arjuna, tetapi terhalang oleh kedatangan Korawa lainnya bersama Sangkuni dan Basukarna. Baginda menceritakan direbutnya senjata Cakra oleh Arjuna, dan merekapun buru-buru ke luar taman mengejarnya.

Tetapi belum sampai seberapa jauh mereka dibubarkan oleh amuk Wrekodara.

Arjuna disambut oleh Sri Kresna, bergegasan mereka kembali ke Amarta. Wrekodara menyusul.

Sampai di Amarta kembalinya Arjuna disambut oleh kerabat Pandawa dan segenap isi istana dengan sukacita.

Tancap kayon

C. VERSI "SOENARTO TIMOER" (VStm)

K U N J A R A K A R A N A

(Balungan pakem wayang purwa)
sanggitanipun

SOENARTO TIMOER

Gegebenganing lampahan:

1. Prabeyaning budi basuki
2. Ngupadi pengruwating diyu
3. Pambenganing lampah dumunung ing sarira piyambak
4. Garising kodrat pangundhuh wohing pakarti
5. Setiyar marganing kasembadan
6. Sabarang lampah tan sepi ing pangrancana
7. Woh undhuhaning pakarti boten saged den emohi
8. Ruwating dosa gumantung anteping pangastuti
9. Purnaning pacoban dereng ateges purnaning pangastuti
10. Saya mantheng pangesthining pangastuti, saya gora krodhaning pambengar
11. Putusing kawruh ngelmu saking linambaran laku
12. Sura dira jayaning rat lebur dening pangastuti
13. Tumuruning kanugrahan

1. PRABEYANING BUDI BASUKI

Nagari Mayangkarapura

Adegan:

Adipati Kunjarakala kaadhep patih Ditya Kalayaksa lan Emban Kalawerdati.

Ginem:

Bab lolosipun Prabu Kunjarakarna.

a. Sabab-sababipun, awit Prabu Kunjarakarna kelut dhateng wewarahipun para sogata ing babagan kadarman (Buda-darma).
b. Lekasipun sang prabu ingkang makaten wau den anggep sampun mingsed saking kodrat saha anggering bangsa asura. Mila sang prabu kedah kaudi murih wangsulipun angratoni golonganing bangsa asura ing nagari Mayang-karapura.
c. Yen wonten bangganipun sang prabu, badhe tinandukaken rodaparipeksa, manawi perlu sarana kekiyataning dedamel.
d. Para sogata den anggep mengsah lan kedah dipun-tumpes.

Lampah:

Sabibaring pasewakan, ing paseban jawi patih Kalayaksa ngundhangaken printah anumpes para sogata sarta matah bala yaksa mirunggan kinen ngupadi jengkaripun sang prabu, kinanthen wulucumbu nagari Mayangkarapura: Togog lan Sarawita. Bodholan.

2. NGUPADI PANGRUWATING DIYU

Pratapan Budicipta

Adegan:

Bathara Sri Wairocana kaadhep dening Prabu Kunjarakarna ingkang sampun anglugas busananing ratu.

Ginem:

a. Kunjarakarna nyuwun ruwat saking sakathahing memala sarta saking kawujudan arupi yaksa.
b. Wairocana nyagahi, nanging Kunjarakarna kinen lumawat langkung rumiyin dhateng Yamaloka kahyanganipun Bathara Yamadipati, murih sageda anyipati piyambak tumanduking paukuman dhateng para dedosan ing naraka. Marginipun dhateng Yamaloka tinuding anglangkungi telenging samodra.
c. Yen sampun dumugi Yamaloka Kunjarakarna kinen miteranga pisan dhateng Bathara Yamadipati ing bab pidana tumrap para dedosan sarta wewarah bab panandhanging raga 5 pratingkah ingkang sibebut "pancagati sangsara".
d. Sasampunipun Kunjarakarna ngleksanani sadaya wau lajeng wangsula sowan sang Wairocana malih.

Lampah:

Kunjarakarna pamit bidhal dhateng Yamaloka anglangkungi telenging samodra.

3. PAMBENGANING LAMPAH DUMUNUNG ING SARIRA PIYAMBAK

Tepining samodra (perang gagal)

Lampah:

Sang Kunjarakarna badhe anjegur ing samodra, nanging kapambengan dening swara ingkang boten kantenan asalipun. Dangu-dangu tetela bilih swara wau swaranipun sang Caturwarna inggih peranganing pribadinipun Kunjarakarna piyambak.

Adegan:

Caturwarna medal saking angganipun sang Kunjarakarna awujud kembaranipun piyambak, nanging kaot langkung alit tur awarni:

1) byur abrit awasta Kunjararekta
2) byur ijem awasta Kunjarawilis
3) byur jene awasta Kunjarajenar
4) byur cemeng awasta Kunjarakresna.

Ginem:

Bab piandel sarta tekadipun piyambak-piyambak. Kunjarakarna dipun-pambengi sampun ngantos nerusaken lampahipun miturut pakenipun sang Wairocana, nanging Kunjarakarna tansah puguh boten maelu dhateng pambenganipun Caturwarna. Sulayaning rembang dados perang rebat leresipun piyambak-piyambak.

Lambah:

Kinarubut dening Caturwarna Kunjarakarna rumaos kuwalahan. Ing batos ngungun dene samangke boten kadugi nandhingi kekiyataning lawan, mangka padatan kasektenipun anglangkungi. Temahan lajeng mangertos yen icaling daya kasektenipun wau awit sampun ngalih cumondhok wonten ing Kunjararekta. Mila saking manthenging pangesthi, Kunjarakarna lajeng mesu budi mapan samadi monekung sihing Bathara sageda pinaringan sanjata pitulungan anyingkiraken pambenganing lampahipun. Lekasipun Kunjarakarna wau dening Caturwarna kininten sampun teluk, mila panyepengipun dipun kendhoni, nanging dumadakan sareng sakala wonten alun ageng anempuh gisiking samodra. Kunjarakarna keblebeg ing alun sineret dhateng telenging samodra. Kunjarakresna taksih prayitna, tan talompe manjing malih ing angganipun Kunjarakarna. Nanging Kunjararekta, Kunjarawilis lan Kunjarajenar (sang Triwarna) uwal kabuncang tebih ing gisik. Icaling alun, Kunjarakarna lan Kunjarakresna sampun boten katingal, kantun sang Triwarna tinilar kacuwan ing gisik, tumunten lajeng wangsul dhateng Mayangkarapura.

4. GARISING KODRAT PANGUNDHUH WOHING PAKARTI

Ing Yamaloka

Carita:

Ing telenging samodra, Kunjarakarna anglajengaken lampahipun gantos dumugi ing kahyanganipun Bathara Yamdipati, anenggih ing Yamaloka. Ingriku Kunjarakarna nyipati patrap-

ing pidana ingkang tinadukaken dhateng para dedosan, warni-warni sarwa ngeres-eresi. Sasampunipun Kunjarakarna manoni sadaya wau, tumunten lajeng sowan ing ngarsanipun Bathara Yamadipati.

Adegan:

Yamadipati den adhep Kunjarakarna.

Ginem:

a. Bawa raos bab lenggahing panguwaos lan kaadilan tumrap tumanduking pidana dhateng para dedosan.
b. Wewarahipun Yamadipati bab panandhanging raga 5 pratingkah ingkang dipun-wastani "pancagati sangsara".
c. Pawartos saking Bathara Yamadipati anggenipun Bathara Purnawijaya badhe siniksa ing kawah Candradimuka minangka tebusaning dosanipun.
d. Kunjarakarna kaget dene ngatasing Jawata meksa taksih saged kalepetan dosa, temah tinarbuka manahipun dhateng wewadosing kadosan, lajeng pamit.

Lampah:

Wangsulipun Kunjarakarna kampir dhateng kahyanganipun Bathara Purnawijaya, sumitranipun tunggil darma.

5. SETIYAR MARGANING KASEMBADAN

Ing Kahyanganipun Purnawijaya

Adegan:

Sang Purnawijaya lan prameswari Dewi Kusumagandawati

nuju jagongan, ingadhep parekan kalih. (Satengahing ginem sumusul tancep Kunjarakarna).

Ginem:

a. Eca reraosan tata-tentrem sarta kamulyaning gesangipun ing kahyangan, dumadakan kesaru praptanipun Kunjarakarna.
b. Sasampuning bage-binage ing karaharjan, sang Kunjarakarna anyariyosaken anggenipun mentas saking Yamaloka, pinanggih lan Bathara Yamadipati sarta nampi pawartosipun anggenipun Sang Purnawijaya badhe pinatrapan pidana siniksa ing Yamaloka minangka tebusaning dosanipun.
c. Purnawijaya sakalangkung kaget sarta minta sih pitulunganipun Kunjarakarna, sagedipun oncat saking pasiksan.
